XALQ DEPUTATLARI BO'ZATOV TUMANI KENGASHI QARORI

XALÍQ DEPUTATLARÍ BOZATAW RAYONLÍQ KEŃESI SHESHIMI

2021 - yil 30 - dekabr VI-40-70-13-216-K/21 Bo'zatov tuman hokimligi

Бозатаў районының 2022-жылғы жергиликли бюджет параметрлери ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Бюджет Кодексиниң 28-статьясына муўапық Бозатаў районы жергиликли бюджетиниң 2022-жылғы тийкарғы параметрлерин көрип шығып, "Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында"ғы Нызамының 6 ҳәм 24-статьясына муўапық, Халық депутатлары Бозатаў районлық Кеңеси

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1. Өзбекстан Республикасының "2022-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети ҳаққында"ғы Нызамын басшылыққа алып орынлаў ушын қабыл етилсин.

2. Бозатаў районы жергиликли бюджетиниң 2022-жыл ушын дәраматлары **6 млрд 500 млн.сўм**, қәрежетлери **37 млрд 375,9 млн.сўм** прогноз қылынғанлығы ҳәмде республика бюджетинен ажыратылатуғын тәртипке салыўшы бюджетлерара трансфертлери **30,9 млрд.сўм** муғдарында тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Бозатаў районының 2022-жылғы Бюджет параметрлери дәраматлары прогнозы 1-қосымшаға ҳәмде қәрежетлер прогнозы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Республика бюджетинен жергиликли бюджетлерине ажыратылатуғын тәртипке салыўшы бюджетлерара трансфертлер муғдарлары 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

Бунда, тәртипке салыўшы бюджетлерара трансфертлер муғдарлары қала ҳәм районлардың жергиликли бюджетлери дәраматлары прогнозының орынланыў жағдайының қандай болыўына қарамастан, кемейтирилиўине жол қоймаслығы Қарарда белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

5. Бозатаў районының сақлаўлы қоры муғдары 4-қосымшаға муўапық белгиленсин.

Район бюджетиниң 2022-жыл ушын сақлаўлы қорлары тийисли бюджетлердиң тастыйықланған улыўма қәрежетлериниң кеминде 1,0 пайызы муғдарында Қарарда белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

6. Бозатаў районының жергиликли бюджетлериниң ҳәр айлық сақланыўы тийис болған ең кем айланба касса қәрежетлер муғдары 5-қосымшаға муўапық белгиленсин.

7. Бозатаў район бюджетине улыўма мәмлекетлик салықлардан ажыратылатуғын ажыратпалар нормативлери 6-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

8. 2022-жыл ушын Бозатаў районы бюджетиниң дәраматлары ҳәм қәрежетлери прогнозлары муғдары 7-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

Яғный, 2022-жылда дәрамат түрлериниң бөлистирилиўи төмендегише белгиленсин:

а) Бозатаў районы жергиликли бюджетлерине толық түрде төмендеги салық түрлери:

- физикалық тәреплерден алынатуғын мал-мүлк салығы;

- физикалық тәреплерден алынатуғын жер салығы;

- айланбадан алынатуғын салық;

- физикалық тәреплерге тийисли мал-мүлкти ижараға бериўден алнатуғын жыллық дәраматы ҳаққындағы декларацияға тийкар төленетуғын, сондай-ақ жеке тәртипдеги исбилерменлер тәрепинен төленетуғын физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы;

- суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық, буннан электр станциялары тәрепинен төленетуғын салықтан тысқары;

- қурылыс материаллары бойынша жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы ушын салық.

- Мобиль байланыс хызметлери, алкоголь өнимлери, соннан пиво ушын акциз салығы ҳәмде темеки өнимлери ушын акциз салықлары түсимлери есабынан Өзбекстан Республикасы бюджетинен өткерилип берилетуғын дәраматлар. *(2021-жыл 1-июль жағдайына қала ҳәм район халқының республика халқындағы үлесине муўапық)*

б) республика бюджети ҳәмде район бюджетлери ортасында бөлистирилетуғын салық түрлери:

*(ҳәр-бир салық түри бойынша ажыратпалар нормативи **6**-қосымшада көрсетиледи)*

- юридикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық түсимлери бойынша район жергиликли бюджетине 100 пайыз;

- юридикалық тәреплерден алынатуғын жер салығы түсимлери бойынша район жергиликли бюджетине 100 пайыз жөнелтириў белгиленсин.

9. Финанс бөлими баслығы (Р.Хожаниязова), Бозатаў районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы (Ж.Казбеков), ҳәмде жуўапкер мәкемелер менен биргеликте:

- тийисли бюджетлерди биринши нәўбетде, ис-ҳақы ҳәмде оған теңлестирилген төлемлер, азық-аўқат, дәри-дәрмақ ҳәмде коммунал хызметлери қәрежетлериниң режелестирилиўи нәзерде тутқан ҳалда белгилеў;

- жергиликли бюджет прогноз көрсеткишлерини өз ўақтында ҳәмде толық орынланыўын тәмийинлеў;

- бюджет қаржыларынан мақсетли ҳәмде нәтийжели пайдаланыў;

- бюджет тәртибине әмел етилиўниң үстинен бақлаў ҳәмде жуўапкершилигин жәнеде күшейттириў;

- тийисли жергиликли бюджетлерге салықлар ҳәмде басқа мәжбүрий төлемлердиң толық түсимин тәмийинлеў;

- бюджет дәраматлар базасын асырыў ҳәмде қосымша резервлерди анықлаўға айрықша итибар қаратсын.

10. Бозатаў районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы (Ж.Казбеков), Өзбекстан Республикасы Салық кодексине белгиленген ҳуқықларынан келип шығып:

- салықлардың толық ҳәмде дурыс есапланыўын ҳәмде усы салықларды өз ўақтында бюджетке өндирилиўин үстинен салық бақлаўын күшейттириў;

- жер салығы, суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық ҳәмде мал-мүлк салықлары бойынша турақлы талықлаў өткерген ҳалда, салықлардың толық есапланыўын тәмийнлеў ҳәмде усы салық төлемлер бойынша салық қарыздарлығына жол қоймаслық шараларын көриў;

- айланбадан салық түри бойынша салық төлеўшилер тәрепинен нақ пул айланбаларының салық есабатларында толық көрсетилиўи үстинен турақлы салық бақлаўын орнатыў ҳәмде зәрүр жағдайларда хронометраж ҳәмде камерал салық бақлаў жумысларын өткериў, бунда усы жөнелисде жәммаатшилик бақлаўын күшейттириў мақсетинде, пуқараларға саўда чеклерин талап қылып алыўды үгит-нәсият етиўши социаллық роликлер ҳәмде видео материаллар таярлап, социаллық тармақларда ҳәмде мәлимлеме-хабар қураллары арқалы кеңнен тарқатыў жумысларын алып барыўға әҳмийетли итибарлар қаратыў;

- қатлаўда өткериў жумысларын сапалы шөлкемлестириў арқалы жер ҳәмде мал-мүлк салығының салық базасын асырыў ўазыйпасы жүклетилсин.

11. Бозатаў районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы (Ж.Казбеков), Кадастр агентлиги Бозатаў районлық бөлими (Ә.Әбдикаримов), 2022-жылдан баслап юридиклық тәреплердиң мал-мүлк салығын есаплаўда көшпес мүлклерге 1 кв.метр ушын минимал муғдарынан белгиленгенлигинен келип шығып, райондағы салық төлеўшилердиң мал-

мүлклери майданлары бойынша пухта анализ өткерилген ҳалда, мал-мүлклерине салықлардың толық есапланылыўын тәмийинлесин.

12. Бозатаў районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы (Ж.Казбеков), район ҳәкимлиги менен биргеликте:

- рудалы емес қурылыс материалларын қазып алыў тараўында нызамсыз жумыс ислеп атырған карьерлерди анықлаў ушын инвентаризациядан өткериў;

- инвентаризация нәтийжелери бойынша анықланған нызамсыз жумыс ислеп атырған карьерлер жумысларын нызамластырыў ҳәмде оларды салық базасына қамтып алыў;

- рудалы емес қурылыс материалларын қазып алыў тараўында жумыс алып барып атырған карьерлер тәрепинен қазып алынып атырған рудалы емес қурылыс материаллары көлеминиң салық есабатларында толық сәўлелениўи үстинен турақлы қадағалаў орнатылсын.

Бунда, усы тараўда жумыс алып барып атырған карьерлердиң қазып алыў көлемлери бойынша турақлы анализ қылып барыў ҳәмде зәрүр жағдайларда қазып алыў көлемлерин анықлаўда жергиликли бюджеттиң қосымша дереклери есабынан “маркшейдрлик” хызметлеринен пайдаланыў лазым екенлиги айрықша белгилеп қойылсын.

13. Мәжбүрий орынлаў бюросының Бозатаў районы бөлими (Р.Турсынбаев), Мәмлекетлик салық инспекциясы (Ж.Казбеков) пенен биргеликте салықлар ҳәмде басқа мәжбүрий төлемлер бойынша анықланған салық қарыздарлықларын бюджетке өндириў бойынша тийисли ис-илажлар көрип барсын ҳәмде шереклер жуўмағы менен салық қарыздарлықларының шерек басына салыстырғанда кемейтирип барыўы бойынша анық комплекс ис-илажлар көриў ўазыйпасы жүклетилсин.

14. Мәҳәлле ҳәмде шаңарақты қоллап-қуўатлаў бөлими (И.Палыбекова), ҳәкимлиги менен биргеликте физикалық тәреплердиң жер ҳәмде мал-мүлк салықлары бойынша есапланған салықларын ҳәмде салық қарыздарлықларын өндириў бойынша салық органларына әмелий жәрдем көрсетсин.

15. Кадастр агентлиги Бозатаў районлық бөлими (Ә.Әбдикаримов) район ҳәкимлиги менен биргеликте:

- бос турған Мәмлекетлик мүлк объектлерин анықлаў бойынша инвентаризация жумысларын сыпатлы шөлкемлестириў;

- инвентаризация нәтийжелери бойынша бос турған Мәмлекетлик мүлк объектлери дизимин анықластырыў;

- анықланған дизим тийкарында бос турған Мәмлекетлик мүлк объектлерин арендаға бериў ямаса сатыў бойынша тийисли усыныслар таярлаў;

- бос турған Мәмлекетлик мүлк объектлерин арендаға бериў ямаса сатыў бойынша социаллық тармақларда ҳәмде мәлимлеме-хабар қураллары арқалы роликлер ҳәмде видео материаллар таярлаў ҳәм тарқатыў;

- меншиклестириўи белгиленген бос турған Мәмлекетлик мүлк объектлерин «e-ijro auction» майданшасы арқалы сатыў жумысларын шөлкемлестириў ўазыйпалары жүклетилсин.

16. Бозатаў районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы (Ж.Казбеков), район ҳәкимлиги менен биргеликте сыртқы реклама объектлерин толық инветаризациядан өткерилиўин тәмийинлеў ҳәм усы сыртқы реклама объектлери бойынша шәртнамалар дүзиў шаралары көрилсин ҳәмде шәртнамалар бойынша жыйымларының бюджетке төлениўи үстинен турақлы қадағалаў орнатсын.

17. Бозатаў районы суў тутыныўшылары бирлеспеси (Қ.Қарабаев) ҳәмде Мәмлекетлик салық инспекциясы (Ж.Казбеков), район ҳәкимлиги менен биргеликте республикада суўғарыўға сарыпланатуғын суў муғдарлары бойынша анық есап-китапларын жүритиў, пайдаланылған суў көлемлери бойынша салықларды толық есапланыўын ҳәмде финанс жылы жуўмағына шекем жергиликли бюджетлерге толық өндирип алыў ўазыйпасы жүклетилсин.

18. Бозатаў районы Ишки Ислер бөлими (Р.Турғанбаев), жол ҳәрекети қәўипсизлиги бөлими (Қ.Муратбаев), Мәмлекетлик хызметлери агентлигиниң Бозатаў районлық бөлими (М.Қудайбергенов) есапланған бажы, жәрийма ҳәмде жыйымларын өз ўақтында орнатылған тәртипте бюджетке өндириў илажлары көрип барылсын.

19. Бозатаў районы ҳәкимлигиниң финанс экономика ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў мәселелери бойынша бөлимине:

- жергиликли бюджеттиң қосымша дереклеринен пайдаланыўда бюджет Нызамшылығына толық бойсынған ҳалда қарар жойбарын ислеп шығылыўына;

- Қарар тийкарында жергиликли бюджеттиң қосымша дереклери есабынан ажыратылған қаржылардың мақсетли ҳәм нәтийжели жумсалыўы үстинен қадағалаў орнатыў ҳәмде жуўмақлары бойынша усыныслар киритип барыў мақсетинде мониторинг өткериўге;

- жергиликли бюджет қәрежетлериниң Нызамшылықта белгиленген жәмийетшилик пикири тийкарында усыныс етилген мәселелерди қаржыландырыўға жөнелтириўде қатнасыў ҳәмде усы қаржылардың мақсетли сарыпланыўы үстинен қадағалаўды әмелге асырыўға жуўапкер етип белгиленсин.

20. Район бюджетиниң жәми қәрежетлериниң 5 пайызы ҳәмде қосымша дереклериниң кеминде 30 пайызын жәмәәтшилик пикири тийкарында жыйналған мәселелерди қаржыландырыў ушын “Пуқаралардың белсендилик қоры”на жөнелтирилсин.

Бунда, халық депутатлары Бозатаў районлық Кеңеси, Жаслар ислери агентлиги, район ҳәкимлиги жанындағы Жәмәәтшилик кеңеслери ҳәмде жаңадан дүзилген ҳәким жәрдемшилери пуқаралардың бюджеттиң орынланыўы процессинде актив қатнасыўын тәмийинлеў мақсетинде халыққа кеңнен түсиндириў ҳәм үгит нәсият жумысларын алып барыўға жуўапкер етип белгиленсин.

- жергиликли бюджетлердиң қосымша дереклери есабынан сатып алынатуғын товар ҳәм хызметлер, қурылыс, реконструкция қылыў ҳәмде оңлаў жумыслары алып барылып атырған объектлер дизими, сондай-ақ қурылыс-оңлаў жумысларының қаржыландырылыўы ҳаққындағы мағлыўматлар ҳәр шерек жуўмағы менен, кейинги шерек биринши айының 10 сәнесине шекем мәжбүрий тәртипте тийисли ҳәкимликлердиң белгиленген веб-сайтларына жайластырылып барылсын.

21. Район ҳәкимлиги, тийисли мәкеме баслықлары:

- жергиликли бюджет дәраматы ҳәмде қәрежетлериниң прогноз көрсеткишлериниң орынланыўы ҳәмде салық базасын кеңейиттириў бойынша көрилген ис-илажлар;

- ажыратылған бюджет қаржыларынан мақсетли ҳәмде нәтийжели пайдаланылыўы бойынша ерисилген нәтийжелери бойынша Халық депутатлары Бозатаў районлық Кеңесине шеректе кеминде бир мәртебе есабат киритип барсын.

22.. Район ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети Нызамда белгиленген айрым салықлар, төлем ставкалары, салық салыў тәртиплери ҳәмде басқада мағлыўматларды ғалаба қураллары арқалы халыққа жеткерилиўин тәмийинленсин.

23. Усы шешим Район ҳәкимлигиниң арнаўлы веб-сайтына жайластырылып жәриялансын.

24. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

25. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Бозатаў районлық Кеңесиниң жергиликли бюджет, экономикалық реформаларды әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына тапсырылсын.

Халық депутатлары Бозатаў районлық Кеңеси баслығы **М.Кайпанов**

Халқ депутатлари Бўзатов туман
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-40-70-13-216-K/21-сон қарорига
1-илова

Бозатаў районы жергиликли бюджети дәраматларының
2022-жылдағы тийкарғы прогноз көрсеткишлери

млн.сўмда

№	Дәрамат түрлери	Жәми
I	**ЖӘМИ**	**6 620,00**
1	Юридикалық тәреплерден алынатғын пайда салығы	
2	Айланбадан алынатуғын салық	710
3	Физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы	
4	Жеке тәртиптеги исбилерменлик пенен шуғылланыўшы физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы	
5	Қосымша қун салығы	
6	Акциз салығы, жәми	
	соннан	
	- арақ	
	- бензин, дизел жанылғысы ҳәм газ реализациясынан салық	18,8
7	Юридикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	191
8	Физикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	270
9	Юридикалық тәреплер жер салығы	288
10	Физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы (ИТД)	81
11	Физикалық тәреплерден алынатуғын жер салығы	1 189,00
12	Жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы ушын салық (руда емес материаллары)	
13	Суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық	368
14	Мәмлекетлик бажы	
15	Жәриймалар	
16	Ижара төлеми	
17	Мәмлекетлик шөлкемлердиң сап пайдасынан дәрамат	
18	Жыйымлар	160
II	Өткерип берилетуғын қаржылар	3 523,00
	Алкоголь өними	1 333,00
	Мобиль тармағы хызмети ушын акциз салығы	760
	Темеки өнимлери	1 430,00
III	Тарнсфертлер	30 756,00
	ЖӘМИ ҚӘРЕЖЕТЛЕР	**37 376,00**

Халқ депутатлари Бўзатов туман
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-40-70-13-216-K/21-сон қарорига
2-илова

2022-жыл ушын Бозатаў районы жергиликли бюджетинен биринши дәрежели бюджет қаржылары бөлистириўшилерге ажыратылатуғын қаржылардың шекленген муғдарлары

млн.сўмда

№/С	Көрсеткишлер	суммасы
1	Халық билимлендириў тараўы	2 870,8
2	Мектепке шекемги билимлендириў тараўы	2 334,1
3	Ден саўлықты сақлаў тараўы	11 361,7
4	Мәденият тараўы	161,9
5	Дене тәрбия ҳәм спорт тараўы	949,9
6	Балалы шаңарақларға ҳәм кем тәмийинленген шаңарақларға напақалар ҳәм компенсациялар	6 083,3
7	Социаллық бейимлейстириў орайы	58,9
III	**Экономикалық қәрежетлер**	**6 773,2**
8	Абаданластырыў басқармасы	4 232,8
9	Суў хожалығы тараўы	1 758,3
10	Ветеринария ҳәм шарўашылықты раўажландырыў бөлими	782,1
11	Басқарыў уйымлары тараўы	**5 613,4**
12	өзин-өзи басқарыў уйымлары қәрежетлери	**798,8**
13	Бозатаў районы ҳәкимлиги сақлаў қоры қәрежетлери (заҳира жамғармасы)	**370,1**
14	Ашық бюджет пуҳаралар белсенди қорына	**1 763,0**
15	Бюджетлерара тәртипке салыўшы трансфертлер	**30 876,0**

I	**Жәми қәрежетлер**	**37 375,978**
II	**Социаллық тараў ҳәм халықты социаллық қоллап-қуўатлаў ушын қәрежетлер жәми**	**23 820,6**

Халқ депутатлари Бўзатов туман Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-40-70-13-216-K/21-сон қарорига
3-илова

Улыўма мәмлекетлик салықларынан Бозатаў районы жергиликли бюджетлерине ажыратпалар нормативи

Пайыз есабында

№/С	Қала ҳәм районлар аты	Жеке тәртиптеги исбилерменлик пенен шуғылланыўшы физикалық тәреплерден алынатуғын бирден бир салық	Физикалық тәреплердин мал-мүлкине салынатуғын салық	Физика-лық тәреплер-ден алынатуғын жер салығы	Айлан бадан салық	Акциз салығы - бензин, дизел жанылғысы ҳәм газ реализация-сынан салық	Юридик тәреплердиң мал-мблкине салынатуғын салық	Юридик тәреплер-дин жер салығы	Суў ресурсларынан пайдаланғанлық ушын салық	Жыйым-лар	Мәмлекет унитар карханалар-дың сап пайдасынан ажыратпа
1	Бозатаў районы	100	100	100	100	0	100	100	100	0	0

Халқ депутатлари Бўзатов туман
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-40-70-13-216-K/21-сон қарорига
4-илова

2022-жыл ушын Бозатаў районы бюджетиниң дәраматлары ҳәм қәрежетлери прогнозлары

млрд.сўм

№/с	**Район аты**	**Дәраматлар**	**Көрсеткишлер**
1	Бозатаў районы	6 500,0	37 376,0
Жәми		**6 500,0**	**37 376,0**

Халқ депутатлари Бўзатов туман
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-40-70-13-216-K/21-сон қарорига
5-илова

Бозатаў район жергиликли бюджетине ажыратылатуғын тәртипке салыўшы бюджетлерара трансфертлер муғдарлары

млрд. сўм

№/с	**Район аты**	**тәртипке салыўшы трансфертлер**
1	Бозатаў районы	30,9
Жәми		**30,9**

Халқ депутатлари Бўзатов туман
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-40-70-13-216-K/21-сон қарорига
6-илова

Бозатаў районы бюджети сақлаўлы қоры муғдары

млн. сўмда

№/с	**Аймағлар атамасы**	**Сақлаўлы қоры муғдары**
1	Бозатаў районы	352,6
Жәми		**352,6**

Халқ депутатлари Бўзатов туман
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-40-70-13-216-K/21-сон қарорига
7-илова

Бозатаў районы жергиликли бюджетлеринде жол қойылатуғын ең кем айланба касса қәрежетлери муғдары

млн.сўмда

№/с	**Аймағлар атамасы**	**Муғдар**
1	Бозатаў районы	465,0
Жәми		**465,0**